Муртаз тепльамэ, и кьажьын кьажlэуу апхуэдэт Тlуш кьуажэжьым зэрыдзэ льандэрэ. Щыхъ пэжыIуэщ, захуэIуэщ. ИкIи а тlум я нэмыпIым ныбжьыфI ищIэт. Кьуажэм щыдэса, Совет властым и кlапэ щIыпIэ, дауэрэ мыпхъащIэм, якlу щымыIэу, гупхъэ тIэкlум кьэсу, гу льэныжьыр трильаф-ву щэрхъэр хэщатэрэ, адэкlэ кlуапIижапIи имыIэжу гур щэдым хэтlысхьащ. Шитlыр зэдэуу зэдемыкъужьыфу ихъущ-ильрп, пырхъыу, я щхьхэр ящIу хэвыIыхьащ.

Кьуажэ щыкlыр кьыщымы-тIыс льандэрэ мы щэдыжьым щхьэкlэ Iэдэжми Iэджэ жаIэрт. Зэрагъэхьыбарымкlэ, мыбы кхуэд хэкlуэдат. Благъэм ещхь хьэмэрэ хьэщхьэвыльэм ещхь - цIыхухъэм яльагъымэ, гупщIэуэ къащIэу, илькlи ищIыну, мыр зы емынэ гуэрхэм я тIысыпIэщ. Абы шейтlанрэ яни фIыщIэу зы дзэ псо хэсщ. Щэдым Iэщ е цIыхух хьихьэмэ, яубдри щIатьафэ, гу хьихьэмэ, щэрхъхэм зыкъыкlэращIэри, щэд лъабжьым иIэ гъуэмбыщIыхуэм ираIъэфэну хэтщ. Дисэ нанэ фIэкlа абыхэм кьалэщIэкlа щыIэжьым.

А хъыбарыр зымыщIэ гум имиж пэтрэ, Тlуш зэрызэгъуэпри, ар зэрыгъэзавэри кърамыдзэу, фызхэр, япэхэми хуэзэу, зэщIобэ, мэдыхьэшх, я тlуалэр зэщIэмыхьэу. Тlуш чыныгьыр гум иригъэзри шыгукъужкlэ иринкlуащ. Кьамылрэ мыльфу зэхэщIэтэка щэд Iуфэм хопкlэ, и гуэнщрыкъ льапщIэхэм псыр кьыдэуэу.

Пэнтх нэхъ льагэр щигъуэтым, ар епIыжащ, и щхьэм щIэтlахьэу, Йопль гу хэнам, абы и фыз гупым. Итlанэ лIы жьхъу, мэхъашэжь, зэрызабиIрэ гурбиняньжьу кьекlуэжкlр жиlэмрэ ищIэмрэ хэт щхьэкlи Iужьмыкlэ езымыгъэзыр фызхэм яхэгуоагъ:

- Хайт, жэм льхуэгъащIэ гуп, хьуну щытмэ, зэ фызэтесабыгъ, ри, жьэ пIэрэпIаРэм тIэкlу псэхуГъэ евгъэгъэтlп! Абы фыхуитlыжьу щытмэ? Я дэ ди Тlыжу ди Тхьэшхуэ, сэ си гъащIэм уэ фIыщIэ, фIыщIэшхуэ щыпхуэсщIа пIалъэ куэдрэ сихуащ, ауэ егъэлеяуэ, Iыхьэ лейм икIауэ Сэ уэ фIыщIэ, фIыщIэшхуэ щIыпхуэсщIыр мобыхъэм фыз яфIэпщу, яIIхэм я унафэ щIэтын хуейуэ Iэмыр зэрыпщIарц.

Фызэр, гуэгуш анэхэр джэ нэхьей, «Кlуфкlуфкlр», ину зэщIдыжьыкlыжьыр. Ихьекlэ зым жеIэ:

- Хэрэ, аIей, щэдым дыхэнащ. Мыр дауэ? Мыбы емынэ лажьэм ухихуа, Тlуш?

- Сыхихуащ! Фыхэнащ, лъэдэнэ инэн гуп! Фыхэт иджы, мыбы хэсу зи гугъу ящI благъэм фызыIуриIуэфэхуэкlэ!

- Ун фыз щIалэ цIыкlум ухуэпIащIэу арат, Тlуш?

- Абы зыIуриIъафэр лIыхэрщ, Тlуш. ЖьыщIэ жу ара? Удкlэ зэдэж Дисэ нанэ зэ нубыдати, кьиутIыщIыжащ.

- Ар къыщIыгъуэтlынт? Псом япэ ину ликбезым кьекlуаIэрт. Зэгурым, хьэрф гуэри зрагъэцIыхуауэ егъэджакlуэм Муртаз буквэрыр кьыщIилъхьэри, лъэмыжьым щыIэхуэзэа чыцIитlым я хьыбарым псалъэ пщIыкlутхутlощI нэхъ мыхъуну ирагъэджат. Муртаз зигъэщIагъуэу хьэрфхэр кьрищIыпыкlащ.

- Иджы, - жиlащ егъэджакlуэм нэщхьыкlэ дыдэу, - а гуэджар уи псалъэкlэ кьыджеIэжьт.

Муртаз адыгэбзэкlэ жиlэжьфынут чыцIхэр, дзэычыкъи хьахэмыкlыу зэбжьэкъуауэрэ, псым зэрыхэхуар. Ауэ урысыбзэкlэ... Муртаз и пэ хэр игъэупIэрапIэри, зэуэ кьэгъащ.

- Уэт цIыхужь, къэбгъуэтан ущIэгъэын! - ину дыьхэшхащ Тlуш. - СIо-тlэ джаурыбзэ дымыщIэмэ? Дыхуеинхэкъым. Езыхэр ди деж къыщыкlуакlэ, ди адыгэбзэр зрырагъащIэ.Ефэндым жиlащ джаурыбзэ зэзыгъэщIахэр псори жьыхьэмэм кlуэну. Арра узыхуейр, жьыхьэмэ мафIэм имыпащIу, илыпIуэу уикъыну?

ИкIи Тlуш ар нэрыгъыу ныбдауэ зы «джаур» псалъэ яхузриГъащIэрэтхэм. Куэд дэмыкlыу егъэджакlуэ щIалэм и лъжьыгъэр кьапщытэну обыспольконымкlи ЛIитlI кьыкlащ. ЛIэ дыдэ махуэм абыхэм буквэрыр Тlуш Iэщlалъхьащ: кьеджи кьыджеIэжьыт. Арщхьэкlэ Тlуш, кьеджэн зэщIагъэстырт, фы кlапсэшхэу зэрригъэпэщIыхукlэ, пшаIэр зэхэуащ. Ушхмэ кьыщIыгъэхубжьат. Мур таз зы щIалэ цIыкlуи кьыздыщIигъури, Кьуэнэфым и адрыщIым кьызэрыгъэщIыкlуэ кlапэ щIыбгъэ хьабо-фIэдзапIэм щигъэльэдащ, мыдрей кlапэр бжьым иIэ гурыгъ дамэкъур кьыдиубыду, бжьым зимыуплIэнщIым щхьэкlэ, ищIэщIу ирищэкlри, зэрыльэфIыгъуэу ирищащ.

- Иджы, - жиlащ Тlуш, Муртаз дежьнафэр нимыгъэсу, щIалэ цIыкlум зыхуиГъаззри, - уэ мы гум итlысхьи щыхэр кьегъэжьу, сэ зыгъощIыгъэ Iэщlыр выхэр езгъэжьхунщ... Унэсэ? Ыхьы. Чынутlымкlэ уахэмыуэ. Абы ухуейкъым. Вофэр жьэдэкъуэ хуэдэу щIы, кьэутlыпщIыж, «но» жьIи аращ. Айт, гъуэщ, джэмыдзэкъ!

Апхуэдэу выхэмрэ шыхэмрэ я къарур зэхьыхэри, фызхэр зэ-рыс гу хьэпъэр псыпщIэ шэдым кьыкlахьэфыжащ.

Кьуажэжьмкlэ дядиюм лэжьэн щыщIидзауэ адыгэбзэкlэ къэпсалъэрт, итlанэ макъамэ дахащэм щIидзащ.

* * *

ЗЭМ яужькlэ къэхъуар япэ къыфIищу, зэми япэ щыIар яужь фIэхъуу, Кьантемыр егупсысырт щалъхуа кьуажэ щIыкlыу щымыIэжьым дэсахэм яди-щIэжэм, яднтъэгъахэм, Мачэдинэ и кlыкlрИIэжауэ щыта хэт. Сыт ямыщIами, хэт емыущIами, Тlуш ликбезым яхуэкlуэжакъым. Ауэрэ, кьауфыду щIащIэ выжьым ещхьу кlэнар, зауэр зэхьыхьуэ щыта сымэ я гъуэсу, дзэм ираджащ. И кьуажэгъу, адыгэ гуэрхэр щIыгъукlэ, узэгъуэ чыхурэ кьызыгурымыIуэ ар зыгуэрэр зэральэфащ. Зауэм здыIутым, «Урал!- жаIэу сэлэтхэр зэщIаIэтамэ, Тlуш псоми яужькlэт окопым кьыщипщIыр. «Фыкlыкlуэт!» - жаIэрэ ипэкlэ жэхэм кьагъэкlэрэхъуамэ, Тlуш псоми яIэ яту кьыщIэщIыпIэхэр. ЛIитlI-щым зы фоч фIэкlа яIэтэкъыми, Тlуш и Iэхэр иупщIу щIэкlэт и фыкlуэщIэжьт, ауэ фоч сиIащэрэт, жиlэу абыи щIэхъуэпсыртэкъым.

А зэм фIэкlа щIалэ мэлыхьыпIлIэр, кьару зэрамыщIэж зиIэр зыгуэрым сэбэп хуэхъуауэ кьыщIэкlыну къыхьэн. Зауэ гуащIэм здыутым, зыгъэз хьэпъэ хуэдэу адыгэ лIитI и блэгущIэ зырызым щIэлъу Тlуш санчастым ихьащ. Арп щIищIар щIыхуГъэм, гущIэгъэм кьыхихауэ аратэкъым, атlэ и закъуэ бзымыгъунэм къаэрыхэнэгур кьильытауэ арат. Арщхьэкlэ адыгэлI уIэгъэхэр ажалым кьахуеГъэлакъым. Ауэ абы щыгъуэ Тlуш и кlэнар кьыкlащ. Дохутырэм мо щIалэ кьару мыкlуэщIыж зиIэр я деж кьагъэнащ: уIэгъэхэр операцэ ящIыну зэрагъэундэрэщхъуэн хущхъуэ, наркоз зэрыратын яIэтэжьым. Ахэр бидзуэ, кьэмыпIэтIэуэн хуэдэу зыгуэрэм стIолым трабыдэурэт зэрелъэзэр. ЛитI-щым яхуэмыуБыдэ, зи Iэ пахьну уIэгъэр Тlуш ауи кьиГъэпвтIаУэр тэкъым. Ярысыбзэ зымыщIу щIалэм Iэпэтэрмэщкlэ кьрагъэлъэгъуар нэхъыфI щымыIэу зэфIнгъкlыр.

Апхуэдэурэ Тlуш нэгъуэщI кьалэнн кьыхуагъэутащ. Госпитальм уIэгъэхэм ирагъэзыкlыну тхъэмахуэ зэхуакlэ къэсыхукlэ зы жэм е IещIэвыщIэ яукlырт. Ар традзэу, и лъакъуэжэр япхьу, фIагъэжу лIищ-лIиц еIалIэрт. Абы здепльым, Тlуш игу къэкlыжащ зэгъэр Пашшьк и Къэбэдей эрямым тет унэм и лъабжьым щIэт шхапIэм щIэсу ялкомбинатым щылажьэ лIищым зэхуагъэхьыбарауэ щытар:

- Арщхьэкlэ Iыным сэкlэ пхуфIэгъэжрэ? Къэбубыду, тебдзэу?..

- АтIь, дауэ?

- Удэшхуэкlэ и натIэм доуэри къытIдогъэбагъэ. Зэ-тIэу еГъэкъуэкlэ, и пщэм сэр щыдоздэри, фIыдобз.

- А зиунэрэ, Iэщыр гуэныкъэ?

- Сыт абы я зэхуакур? ФIэбгъэжми, и натIэр уадэкlэ пхыбудми, тlури зыкъэ? Хосэм абы:

(Кlыкlэлъыкlуэнущ).

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

ШыIэныгъэ пхэмылъмэ...

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Сатурн» (Мэзкуу область) - 1:3 (1:1). Налшык. «Спартак» стадион. ФокIадэм и 22-м. ЦIыху 13500-рэ епльащ.

Судьяхэр ЛАЮШКИН, Койдэ, Котковский (псори Мэзкуу щыщщ).

«Спартак-Налшык»: Радич, Ятченкэ, Шумейкэ, Амисулашвили, Филатов, Мэмшыкъуэ, Файзулин, Пилипчук, Самсонов (Дзыхьмыщ, 77), Узденов (Къэжэр, 56), Рикардо Хесус.

«Сатурн»: Кински, Евсеев, Шиллэ, Дюрицэ, Нэхущ, Иванов, Игонин, Лоськов (Немов, 66), Карякэ, Чеснаускис (Гогуэ, 82), Лебеденкэ (Гъэн, 46).

Тонхэр дагъэкIащ: Евсеев, 17 (0:1). Шумейкэ, 19 (1:1). Чеснаускис, 55 (1:2). Иванов, 90 (1:3).

Дагъуэ хуащIащ: Кински, Нэхущым, Мэшыкъуэм, Гъэн, Игониным, Гогуэ, Къэжэрым.

Джэгум хахуащ Шумейкэ.

НУЖЬРЕЙ мазитIым ирицIыкIуэкIа джэгуныхьмэ 5 щытекIуарэ (абы щыщу 3-м нэгъуэщI стадионхэм щыIэу!) ЦСКА-м зэрытемыгъэкIуауэ зэIущIэр ихуаху «Сатурным» Налшык къэкIуащ. А лъхьэжнэм кIрифыбыдэу хьэщIэхэм кьыхудагъэкIар топитI кьудейт - ари зыхуэфIэкIар Газзаевым и гъэсэнхэрт. Нэрылъагъут раменскэдэхэм я тренер нэхъыщхьэу дагьыстан щIалэ Гаджиев Гаджи зэрагъэувам а командэм и Iуэхур хэпщIыкIыу зэрыригъэфIэкIуар.

АрщхьэкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьалащхьэм къэкIуэн ипэкIэ, фокIадэм и 16-м, «Сатурным» щIэщхьу кьыщыщIат: кьэралым и Кубокыр кьэхьыным ипкъ иткIэ екIуэкI зэпеуэм и финалым и Iыхьэ пIанэм ящэ дивизионым щыдзэгу «Уралым» 1:2-уэ кьыщыхигъэщIат. Ар хьэщIэхэм удыныщхьэ зэрахуэхьуам щэч хэлъхьэкIам икIи хуэбгъэфащэ хъунут икIэщIыпIэкIэ Налшык «я напэр щатхьэщIыжыну» зэрыхущIэкъунут.

КьыщынэмыщIауэ, нэгъабэ Раменскэм щыдзэгуу 1:4-уэ зэрыхагъащIэрэ Гаджиевым и гъэсэнхэм ди командэм гуэдыгъэжь кьыхуаIат. А «щIыхуэр» «Сатурным» мы гъэм и стадионым щипшынижьфачэкъыым (1:1) щIэхъуэпсырт Налшык и Iуэхур кьыщикIыну.

Джэгум зэрыщIидзэу хьэщIэхэм зрачащ. Нэрылъагъут абыхэм ебгъэрыкIуэныгъэ кьэзыхьэкIэ кьыхэрыхахар. Налшыкдэхэмри я мурадыр арат. Абы, дауи, зэIущIэр удэзыхьэх ищIащ.

Ящэ кьыхэжаныкIыну Iэмал кьызыхъуэкIар ди щIалэхэрщ. Еблан дакъикъэм хуабжьу жыджэр Самсоновыр ираудащ, арщхьэкIэ, штрафной еуа Пилипчук топыр гъэзэм щхьэпригъэкIащ. ЗымащIэ дэкIри, Ятченкэ топыр кьыхута нужькIэ, и щIыбыр гъэзэм хуэгъэзауэ Узденовыр еуащ - ари хуэзащым.

Абы щыгъуэми «Сатурным» ящэу кьыхукъуэкIа Iэмалыр нэсу кьыгъэсэбэпащ. ЕпщыкIублан» дакъикъэм, Лоськовыр штрафной ди гъэзм кьеуэу, къэлъеижа топым ящэу нэсар хьэщIэхэм я гъуащхьэхъумэ Евсеевырщ. Къэралым щекIуэкI зэхьэзэхуэм зэрыхэтрэ дигъэкIа топхэр зы мин «Сатурным» Налшык щригъэкъуащ.

А гуфIэгъэуэр хьэщIэхэм куэдрэ яIэтыну ди щIалэхэм Iэмал иратакъым. КъыкIэлыкIуэ ебгъэрыкIуэныгъэм Шумейкэ щхьэкIэ топым еуэри, бжыгъэр зэхуэдэ ищIыжащ.

Мэзкуу кьикIа судья Лаюшкиныр абы и уэкIкIэ «утыку къыхьащ». 29-нэ дакъикъэм налшыкдэсхэр еуэу щхьэпрыкIа топыр абы гъэзм дыхьауэ кьыщыщхьэри, футболистхэми, топджэгум еплъыну къэкIуахэмя, ящIэнкъ ямышIэжу, ар хибжэну хэтащ.

Абдежми кьыщыувыIакъым. Загъэпсэхуу кьихьэжа и уэкIкIэ, хабзэр кьызэпауду дигъэкIа топыр «Сатурным» хухибжащ. Абы хуабжьу игъэгубжьа Шумейкэ и зышIэныгъэр фIкIуэдри, судьяхэм ятегуплIащ икIи джэгум кьыхахуащ.

Нэхъ мащIэу кьыдэрынам ди щIалэхэм я Iуэхур хэпщIыкIыу нэхъ гугъу ищIащ. Абы щхьэкIэ кьэмынэу, я кьару псориебгъэрыкIуэныгъэм хухахащ, арщхьэкIэ кьикIа щыгъэкъым. Уеблэмэ, иужь дыдэ дакъикъэм ещанэ топри кьыхудагъэкIащ.

Арати, мы гъэм ящэ дыдэу топищ и стадионым кьыщухудагъэкIри, «Спартак-Налшыкыр» премьер-лигэм зэрыкъэхьэрэ ящэу «Сатурным» кьыхигъэщIащ.

АдэкIэ фащыдгъэгъуэзнщ премьер-лигэм хэт адрей командэхэр зэрызэдэ-джэгуам кьарикIуахэм: **«Химки»** (Химки) - **«Ростов»** (Дон Iус Ростов) - **1:0, «Луч-Энергия»** (Владивосток) - **«Кубань»** (Краснодар) - **1:0, «Москва»** (Мэзкуу) - **«Динамо»** (Мэзкуу) - **4:1, «Крылья Советов»** (Самарэ) - **«Томь»** (Томск) - **1:1, «Рубин»** (Къэзан) - **«Зенит»** (Санкт-Петербург) - **1:4, ЦСКА** (Мэзкуу) - **«Амкар»** (Пермь) - **1:0, «Локомотив»** (Мэзкуу) - **«Спартак»** (Мэзкуу) - **4:3.**

КъыкIэлыкIуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» пщэдей, фокIадэм и 26-м, иригъэкIуэкIынущ. Бадзэуэгъуэм (июлым) и 28-м щыIэн хуэзыу ягъэIэпхъуэ зэIущIэм ипкъ иткIэ ар «Рубиным» Къэзан щыдэджэгунущ.

ЖЫЛАСЭ Заур.

Премьер-лигэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм и турнир таблицэ

Командхэр	Дж.	Кь.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Зенит»	**24**	**13**	**7**	**4**	**43-29**	**46**
2. «Спартак»	**24**	**12**	**7**	**5**	**38-27**	**43**
3. «Москва»	**24**	**12**	**6**	**6**	**32-26**	**42**
4. ЦСКА	24	9	11	4	31-20	38
5. «Сатурн»	24	9	10	5	28-22	37
6. «Динамо»	24	10	6	8	33-29	36
7. «Локомотив»	24	10	6	8	34-34	36
8. «Амкар»	24	8	10	6	24-19	34
9. «Рубин»	23	8	4	11	25-27	28
10.«Химки»	24	6	10	8	22-23	28
11.«Спартак-Налшык»	**23**	**6**	**8**	**9**	**23-28**	**26**
12. «Луч-Энергия»	24	6	7	11	20-27	25
13. «Крылья Советов»	24	6	7	11	23-33	25
14. «Томь»	24	5	10	9	29-31	25
15. «Кубань»	**24**	**5**	**10**	**9**	**19-28**	**25**
16. «Ростов»	**24**	**1**	**11**	**12**	**15-36**	**14**

НЭХУЩ Руслан: Си гур НалшыккIэ щыIэщ

«Спартак-Налшыкымрэ» «Сатурнымрэ» я зэIущIэр нуха нэужь, дэ упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ ди лъахэгъу адыгэ щIалэ, иджыпсту Подмосковье ныбжьыкIэ Нэущ Руслан икIи я гуапэу жэуап абыхэм ябаритащ.

- **Руслан, зэIущIэр зэрекIуэкIар дауэ къыпщыхъуа?**

- Япэрауэ, си унэ сыкъызэрыкIуэжам, си благъэхэр, ныбжьыгъэуэ зэрыслъэгъуам, ди стадионым сызэрыщыджэгуам сыщыгуфIыкIащ. Нэхъ къызэхъэкIар ди «Спартак»-ым сыпэщIэтын хуэм зэрыхъуэрпу, ауэ сыт пщIэн, аращ футболым и хабзэр - узыхэт гупым уи кьару кьызэрихькIэ ухуэджэгун хуейщ. Сыхуэякъым стадионым нобэ кьекIуэпIа цIыхухэм я гур хэзгъэщIыну, ауэ, кьыхьызогъэщри, сэ иджыпсту «Сатурным» сыщыджэгу, апхуэдэу щыхьхькIэ, абы кьыскъуигъуэ кьалэнхэр сымыгъэзащIэу хъуркъым. Очкоищ щхьэкIэ дыкъэкIуати, ар кьызэрытхъам сыщогуфIыкI.

- **ЗэIущIэм утепсэхьыхьмэ-щэ?**

- КомандитIым я дежкIи ар гугъу щытащ. «Спартак-Налшыкым» и губгъуэм зэи кьыщикIуэтырккъым. Ар тщIэуэ нобэрэя зэIущIэм зыхуэдгъэкъэзыращ. ЕтIуанэ т-топыр зэрыдэдгъэкIыу, ди Iуэхур нэхъ тынш хъуащ, ауэ псом нэхърэ нэхъыбэу сэбэп кьытхуэжьауэ Шумейкэ губгъуэм зэрырахуарщ.

- **«Спартак-Налшыкым» и джэгукIэр дауэ къыщыхъуэр?**

- Командэм футбол дахэ кьегъэльагъуэ, зыми кьыпикIуэтырккъым. Мыбы дыкъэкIуэн и пэ кьикхуэу, налшыкдэсхэм я джэгукIэр кьанэ щымыIэу зэпкърытхащ. Нобэ дыщIытекIуати арагъэнщ, дызыпIэмыплъа гуэр губгъуэм кьыщыхьуакъым, ауэ зэIущIэр тыншу щытаци схужьыгъэнукъым.

- **«Сатурным» чемпионатыр щIагъуэу щIидзакъым, ауэ командэм и тренер изэхьыщхьэу Гаджиев Гаджи кьыхэрфхуагъакIуэрэ фи Iуэхур зэрыкIуатэр нэрылъагъуащ. Мы гъэм сыт хуэдэ увыпIэ фубыдым мурад фиIэ?**

- Чемпионатым щIэдмыдзэ щыкIэ зыхуэдгъэувыжауэ щыта кьалэным иджыпстуи зихьужакъым. Дэ дыхущIэкъунущ Европокубокым етIанэ зэхуэдэ щIэбэныну к омандэм захэдгъэхуэным.

- **Руслан, Налшык ущыджэгну укърагъэблэгъгъэжмэ, укъэкIуэжыну?**

- Налшык сыкъашэжьн хьыбар куэд щIауэ кьрахьэкI, ауэ а Iуэхум теухуауэ щхьэтеч зыри кьызэсэгъакъым, Дауэ хъумэ, си гур мыбыкIэ щIэщ. Сэ мыбы сыкъыщалъхуащ, сыкъыщыхьащ, футбол джэгукIэ щызэзгъэщIар «Спартакырщ», гъуэгу кьызэзытари аращ. Апхуэдэ Iэмал кьыкъуэкIамэ, си гуапэу кьэзгъэзэжынт, «Спартакым» сыхэ тун лъагапIэщIэхэр кьэтщэнт.

Си гугъэмкIэ, Iуэхур хьарзынэу зэфIэкIын хуейщ. Ауэ, жьзэлэри, сыт щыгъуи сыхьэзырщ си унэ кьызэсэгъакъым, «Спартак-Налшыкым» сыхэту сыджэгуну.

Епсэлъар **хъэщIыкIуей Олег.**

Тулъ зылъытапхъэ

ТхылъыщIэхэр ящэ

ГУМАНИТАР къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым къыдигъэкIа тхылъхэу «Пащыгъэ куэд зи ныбжь зэпыбжьэгъуэм» зэрэдэлэжьэныгъэмрэ я тхыдэр», «Пащтыхым и титулымрэ урыс къэралым и геральдикэмрэ Къэбэрдей щIалъэр кьызэрыщыгъэльэгъуар», «Къэбэрдей-шъхьаджэс псалъалъэ» (томитI хьуэу, «Къэбэрдей таурыхъэр», «Адыгэ этнографие къэпсэльыкIэхэм я псалъалъэ», «Къэрэшей-балъкъэр псалъалъэ» (томищ хьуэу), «Балъкъэрэ я щэнхабзэмрэ я кьадгъэуэгурыкIуэ хабзэхэрэмрэ», «КъБР-м щыIэ урыс, украин жылагъуэхэр», «Къэзакъэ я зэхэтыкIэмрэ я щэнхабзэмрэ», нэгъуэщIэхэри езэгърабгъуу щащIэ мы адресымкIэ: Налшык кьалэ, Пушкиным и уэрам, 18. Телефонэр: **42-42-74, 42-46-97, 42-18-68.**

ГИБДД-м къет

«Автобус» лэжьыгъэм кърикIуахэр

КъБР-м щыIэ МВД-м и УГИБДД-м и унафэкIэ щыщхьэIуми и 30 - фокIадэм и 12 мазхуэхэм республикэм щекIуэкIащ «Автобус» федеральнэ лэжьыгъэм и етIуанэ Iыхьэр.

АБы илъ иткIэ, предприятэхэмрэ Iуэхущ Iапи Iэхэмрэ кьэпщытэныгъэхэр щрагъэкIуэкIащ. Налшык кьалэ округым и 3-нэ ОВД-м и ОГИБДД-м и лэжьыкIуэхэм пассажир предприятэхэм щылажьэ шоферхэм епсэлъыпIащ гъэзу насыпныгъэхэр кьэмыгъэхъуныем, щыхъэжхуащIэ Iуэхуэгъэзэр егъэфIэкIуэным теухуауэ. Апхуэдэу рулым дэсхэм чэнджащ ираташ щыIуэхэр кьэкIрашэкIкIэ махуэм автобусхэм гъуэгуэгу кьаблэ я уэздыгъэхэр щIагъэнэуэ щагъэтыну. «Ралли Спорт» ООО, «Лакнея Авто» предприятэхэм щыIуэхуэр щынагъуэнщIуэ кьешэжьныр кьызэрызэрагъэпэщыр кьахутащ. Апхуэдэуи, автобусхэм я техникэ щытыкIэр зыхуэдэр кьэпщытащ икIи кьыщIагъэща ныкъусаныгъэхэр зэрагъэзэкIуэкIынхуейр кьыщыгъэлъагъуэ тхылъитI ираташ. Автобусхэр техникэ и лъэныкъуэкIэ зэмыпащу гъэгуэм зэрыгъэзэвам кьыхэкIыу, административнэ жэуапым кьулыкъущIуэ З ирашэплащ.

Гъэгум зэрыщызэкIуэмрэ автотранспортыр линэм щытрагъэувэмрэ, щыкIэпIыпIым гулъытэ хэха хуащIащ зыхуей тхыпIэхэр иIэ-ныбжьмэра транспортым техникэ и лъэныкъуэкIэ и щытыкIэмрэ икIи гъэгум зэрыщызекIуэ хабзэр автобусхэм я шоферхэм 51-рэ кьызэпаудауэ сэтей кьащIащ. Абыхэм ящыщу 35-р ныкъусаныгъэ зиIэ транспорт зэрызэрагъэкIуэм кьыхэкIыу, 12-р цIыхухэр кьызэрызрашэкI хабзэр кьызэпаудауэ. 2-р автобусхэм я пкъыгъуэхэр хъуэжауэ кьызэрагъэсэбэпым, 4-р лиценз хабзэр кьызэпаудауэ.

Апхуэдэуи гъэгуэм зэрыщыкIуэкIуэ хабзэм зэрезэгъыр кьапщытащ я нэIэ щIэт куэйм тет маршрут автобусу 16. Къэпщытэныгъэм кьэрикIуахэмкIэ ныкъусаныгъэхэр ягъэзэкIуэжыну хуэгъэуващ 6-м, административнэ жэуапым иращэплащ гъэзу, коммуналнэ Iуэхущ Iапи Iэхэм кьулыкъу щызыщIэ цIыхуи 2.

ЦIыхухэр кьезэшэкI шоферхэм Iэмал имыIэу яту къэгъэкIыжьын уеблэмэ, рулым щыдэтыжькIэ цIыху куэдым я гъащIэм и гъащIэ кьэнэну.

Премьер-лигэм хэт адрей командэхэм я дублерхэр мыпхуэдэу зэдэджэгуащ: «Химки-Д» - «Ростов-Д» - 0:0, «Луч-Энергия-Д» - «Кубань-Д» - 2:4, «Москва-Д» - «Динамо-Д» - 3:2, ЦСКА-Д - «Амкар-Д» - 2:0, «Крылья Советов-Д» - «Томь-Д» - 3:1, «Рубин-Д» - «Зенит-Д» - 0:1, «Локомотив-Д» - «Спартак-Д» – 1:1.

КЪЭХЪУН Бэч.

● Футбол

Мыпхуэдэу нэрылъагъуу хабзэр кьызэнаду кьащытегуплIэми ягъэкъуанщэр ди щIалэхэрт.

ЗэIущIэ нэужьым

ГАДЖИЕВ Гаджи, «Сатурным» и тренер нэхьыщхьэ:

Иджы сэлами къыдэфхьыжынукъэ?

«Дыныфтекiуамэ, сэлами къыдэфхьыжынукъэ?», - жери гушыIэу пресс-конференцыр щекIуэкI пэшым кьыщIыхьащ хьэщIэхэм я тренер нэхьыщхьэр.

- ДЭ ФЫ ДЫДЭУ кьыдгурыIэр т Налшык уущыджэгуну сыт щыгъуи зэрыхьэлъэр, жиIащ абы. ЗэрымыщIэкIэкъым «Спартак-Налшыкым» и стадионым нэхъ мащIэ дыдэрэ топ кьызэрыщыхудагъэкIыр. Аращ зэщIэкъуауэ зэIущIэм дыщIрихьэлIари. Дэри ныкъусаныгъэ гуэрхэр ди джэгукIэм хэлъ, ауэ хэгъэрейхэм ар кьагъэсэбэпакъым, цIыху бжыгъэкIэ нэхъ щIэблэм кьыщIидзащ «Спартак-Налшыкым» и Iуэхур.

КРАСНОВЖАН Юрэ, «Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ:

ХьэщIэхэр къыдэфIэкIакъым

Налшыкдэсхэм я тренер нэхъыщхьэм гушыIэну гукъыдэж зэримыIэр нэрылъагъут.

- СУДЬЯХЭМ я щыуагъэхэм я зэранкIэ командэм топ кьыхудагъэкIами, абы пэджэжу Шумейкэ зэрызэщIахэр згъэзэахуэркъым: премьер-лигэм ущыхэткIэ, абы хуэфащэн зышыIэныгъэ пхэпльн хуейщ, - ткIийуэ жиIащ Красновжан. Хэт ахэр кьыкIэлъыкIуэ зэIущIэм Къэзан щызыхьуэжьынгр?

- Дыгупсысэну махуитI диIэщ. Гъэущхьэхъумэныкъуэхэм ящыщ зы кьедгъэкIуэтэхынкIэ хъунщ е, хуэхьэзыгъэльагъуэхэм я зэфIэкIым щыкIэлъэпльэну мурад ящIат «Сатурн-Д»-м щыIущIэкIэ. Абы кьикIар щIагъуэкъым - 77-нэ дакъикъэм ирихьэлIэу ди щIалэхэр 0:3-уэ кьыхагъащIэрт икIи зы цIыхухэ нэхъ мащIэт, Добре тIэунейрэ дагъуэ кьыхуащIу джэгум кьыхахуя иужькIэ.

ЕтIуанэ Iыхьэм кьыхагъэхьа ДыщIэкIым, Балэм, Балъкъэрым, Джатокъуэм, Быдэм, Гъубжьм зэIущIэм и иужьрей дакъикъэхэм налшыкдэсхэм я тепщэныгъэр хуабжьу ин ящIащ. Абыхэм яхузэфIэкIащ бжьгъэр зэхуэдэ ящIыжу, турнир таблицэм щыпашэ командэхэм ящыщ зыуэ кьэнэну.

Премьер-лигэм хэт адрей командэхэм я дублерхэр мыпхуэдэу зэдэджэгуащ: «Химки-Д» - «Ростов-Д» - 0:0, «Луч-Энергия-Д» - «Кубань-Д» - 2:4, «Москва-Д» - «Динамо-Д» - 3:2, ЦСКА-Д - «Амкар-Д» - 2:0, «Крылья Советов-Д» - «Томь-Д» - 3:1, «Рубин-Д» - «Зенит-Д» - 0:1, «Локомотив-Д» - «Спартак-Д» – 1:1.

КЪЭХЪУН Бэч.

ШУМЕЙКЭ Виталий:

Судьям губгъуэм щыIэхищIыхьхэр гурыIуэгъуэтэкъым

«Сатурным» ди гъуэм ящэ топыр кьыдигъэкIуу абы кьикIа псалъэмакъым щхьэкIэ ар губгъуэм щIрахуам теухуауэ жиIащ:

«ХьэщIэхэм я топджэгум ди гъуэм топыр ІэкIэ кьызэрыдигъэкIар губгъуэ натIэм Iут судьям жеIаш. Абы щыIуэ сыкIиящ, ауэ мыхъумыщIагъэ лъэпкъ еспэсакъым. АрщхьэкIэ кьыдбгъэзэлъэда суэльэм жриIащ карточкэ плъыжь сигъэлъагъуну. Си жагъуэ хьуащ ди щIалэхэм си зэран зэрекIар. Апхуэдэу сщIэн хуеякъым, ауэ апхуэдэм деж зыпхуэубыдыжрыкъым.

Мы зэIущIэм кьыщытекIуами, дыкъыщIикIуэтыни, дыщIэнщхьеини щыIэкъым, кьэнэжа зэIущIэхэм дызыхуэныкъуэ очком хуэдиз здэтхэпэщыжынщ».

Епсэлъар **хъэщIыкIуей Олег.**

Ди щIалэхэр нэхъ мащIэт, бжыгъэшхуэкIи къатекIуэрт...

«Спартак-Налшык-Д» (Налшык) - «Сатурн-Д» (Мэзкуу область) - 3:3 (0:2). Нарткъалэ. «Химик» стадион. ФокIадэм и 21-м. ЦIыху 500 епльащ.

Судьяр Кълыш (Налшык).

«Спартак-Налшык-Д»: Сидельников, Усанов, Добре, Васин, Матич (ДыщэкI, 54), Костенкэ, Абей (Балэ Руслан, 50), Джэтэрывэ (Балъкъэр, 31), Алвару (Джатокъуэ, 46), Роденков (Быдэ, 46), Къэжэр (Гъубж, 57).

«Сатурн-Д»: Ботвиньев (Солосин, 46), Козлов (Васильев, 50), Илеску (Кайтов, 62), Соколов, Квач, Харитонов, Першин, Разделкин (Колодкэ, 56), Власов, Соломин (Михеев, 77), Черемисов (Шевяков, 77).

Топхэр дагъэкIащ: Соломин, 21 (0:1). Харитонов, 55 (0:2). Черемисов, 61 (0:3), Усанов, 77 (1:3), Балэ Руслан, 86 (2:3). Балэ Руслан, 90+3 (3:3).

Дагъуэ кьыхуащIащ Квач, Добре, Илеску, Кайтов сымэ.

Джэгум хахуащ Добре.

«Спартак-Налшыкым» кьыхьхьагъащIэхэм я зэфIэкIым щыкIэлъэпльэну мурад ящIат «Сатурн-Д»-м щыIущIэкIэ. Абы кьикIар щIагъуэкъым - 77-нэ дакъикъэм ирихьэлIэу ди щIалэхэр 0:3-уэ кьыхагъащIэрт икIи зы цIыхухэ нэхъ мащIэт, Добре тIэунейрэ дагъуэ кьыхуащIу джэгум кьыхахуя иужькIэ.

ЕтIуанэ Iыхьэм кьыхагъэхьа ДыщIэкIым, Балэм, Балъкъэрым, Джатокъуэм, Быдэм, Гъубжьм зэIущIэм и иужьрей дакъикъэхэм налшыкдэсхэм я тепщэныгъэр хуабжьу ин ящIащ. Абыхэм яхузэфIэкIащ бжьгъэр зэхуэдэ ящIыжу, турнир таблицэм щыпашэ командэхэм ящыщ зыуэ кьэнэну.

Премьер-лигэм хэт адрей командэхэм я дублерхэр мыпхуэдэу зэдэджэгуащ: «Химки-Д» - «Ростов-Д» - 0:0, «Луч-Энергия-Д» - «Кубань-Д» - 2:4, «Москва-Д» - «Динамо-Д» - 3:2, ЦСКА-Д - «Амкар-Д» - 2:0, «Крылья Советов-Д» - «Томь-Д» - 3:1, «Рубин-Д» - «Зенит-Д» - 0:1, «Локомотив-Д» - «Спартак-Д» – 1:1.

КЪЭХЪУН Бэч.



Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Жылагъуэ палатэм ирегъэкIуэкI

«ГРАЖДАН обществэм и Iэнатlэхэм зегъэужьыным хэт, Правительствэм бгъэдэмыль, коммерческэу щымыт организацэхэм 2007 гъэм къэрал дэIепкъунэгъэ ягъэуэтынкIэ кьызэгъэпэщыным и Iуэхукlэ» У рысей Федерацэм и Президентым 2007 гъэм мэкъуауэгъуэм и 30-м нщIа унафэ № 367-РП-м ипкъ иткIэ, Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм зыкъеслъагъуэ зэпеуэ ирегъэкIуэкI Правительствэм Iэщ Iэмыль Iуэхущ Iапи Iэхэр социальнэ мыхьэнэ зиIэ я проектхэр 2007 гъэм дэIыгъыным теухуауэ.

Абы кьыхэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щыналъэм щатха, коммерческэу щымыт организацэу а зэпеуэм хэтыну хуейкэм Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм заявкэ я иратын хуейщ 2007 гъэм жэпуэгъуэм и 12-м щIондэ.

Зэпеуэм пыщIа Iуэхухэм нэхъ Iупщу щыгъуаэз зыщыпщI хъунущ Жылагъуэ палатэм и wwwOpr f.ru сайтым.

Уиналъэ зэрыхьуну телефонхэр: 40-84-60.

КъБР-м Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ коммуникацэхэмкIэ и министерствэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жылаэ Маритэ, Ныбжьк Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Шал Мухьэмэд.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и щIыкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэныкъуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; цIыхубзмкIэ - 42-75-36; обозреватель-хэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ Iапи Iэхэм ядэлажьэнымкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пресс-мохэмкIэ - 42-22-88; епъэдэжныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдэзэкIакIуэхэм - 42-21-88; нарыгъуэ - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ Iапи Iэм - 42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Гедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщалэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъыкIэ ахэр зытхахэм юсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхьам.

Газетыр Iэ тезыдахэм яхуэхьынкIи щIэ дальщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленом.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щIэныкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ягъэуцуащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

КъБР-м Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкl э и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и щIэр зезыхь и политрафкомбинат, Налшык къ., Лениным и щIыкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэр: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэкl Соня, редактору Нэщ Iэныдж Замир, корректорхэр Аф Тамарэ** *(2,3-нэ нап.),* **ПхытIыкI Юрэ** *(1,4-нэ нап.),* **корректорэм я дэIыныкъуэ Нуан Заирэ.** ***КомпьютеркI э газетым и теплъэр щIащ:*** **Дол Маринэ, Щомахуэ Марианэ, сурэтыщI Бицу Жанэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тедзэн хуэдиз сыхьат 20.00-м. Щыградзаг сыхьат 21.00-рщ.

Индексыр 51531●Тираж 10.045●Заказ №2800